



VAKSEN GRATIS KONT GRIP

Pou Travayè Agrikòl ki nan sektè pwodui Letye ak Bèt Volay

Pran Vaksen pou Pwoteje Tèt Ou, Fanmi W ak Kominote W

Kisa grip sezonye ye?

Grip la se yon maladi grav ki touye plizyè milye moun chak ane. Pafwa, li ka mennen nan lanmò. Li kontajye anpil. Se yon viris ki lakoz grip la, li pwopaje sitou lè moun touse, estène oswa lè gen kontak kole. Sezon grip la dire soti nan sezon otòn jiska sezon ivè ak nan kòmansman sezon prentan.

Kisa ki grip avyè?

Grip avyè A(H5N1) se yon kalite viris grip, ke yo rele tou “grip zwazo.” Viris la sitou afekte zwazo yo, men travayè agrikòl yo ta ka a risk si yo jwenn li nan poul, bèf oswa lòt bèt. Bèt ki enfekte ka transmèt li bay moun ki travay avèk yo.

Kisa sentòm yo ye?

Kèk nan sentòm grip la se: lafyè, frison, tous, gòj fè mal, nen k ap koule oswa ki bouche, doule nan misk oswa nan kò, tèt fè mal, ak fatig. Kapab genyen konplikasyon ki grav.

Poukisa ou dwe vaksinen?

Vaksen kont grip la se pi bon defans nou kont grip sezonye a. Ou pa kapab pran grip la nan vaksen kont grip la! Vaksen kont grip la nesèsè chak ane paske viris grip la chanje epi pwoteksyon an ka diminye apre yon sèten tan. Vaksen kont grip la pa anpeche ou pran grip avyè men lè ou pran vaksen kont grip la sa ka ede w evite malad oswa sa ka diminye sentòm yo si w vin malad ak grip sezonye epi grip zwazo an menm tan.

Ki moun ki ka pran vaksen an?

Tout moun ki gen laj 6 mwa ak plis ta dwe pran vaksen kont grip la chak ane.

Kilè mwen ka pran vaksen kont grip la?

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) yo rekòmande pou pran vaksen kont grip la nan fen mwa oktòb la, men ou ka pran vaksen an nenpòt lè pandan sezon grip la. Sezon otòn sa a pral gen vaksen gratis kont grip pou travayè agrikòl ki nan sektè pwodui letye ak bèt volay. Ou kapab pran vaksen an kit ou genyen kit ou pa genyen asirans sante.

Ki kote mwen ka jwenn vaksen kont grip la?

Vaksen gratis la ka disponib nan departman sante lokal ou a (health.ny.gov/contact/contact_information).

Pou plis enfòmasyon sou vaksen kont grip sezonye a:

Gen enfòmasyon ki disponib isit la: health.ny.gov/diseases/communicable/influenza/fact_sheet.htm. Yo kapab voye kesyon ki gen rapò ak vaksen kont grip sezonye yo bay Departman Sante Eta New York (New York State Department of Health) la, Divizyon Ekselans Vaksen (Division of Vaccine Excellence) nan: immunize@health.ny.gov oswa rele: 518-473-4437.